# PEDAGOGIKA ILIMLERI

## Pedagogika teoriyası hám tariyxı

### BOLAJAQ TEXNOLOGIYA OQÍTÍWShÍLARÍNÍŃ KÁSIPLIK KOMPETENTLIGIN RAWAJLANDÍRÍW

**S.P.Abdieva –** *tayanısh doktorant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** kasbiy kompetentlik, texnologiya fani, texnologik bilim va ko‘nikmalar, zamonaviy texnologiyalar, integratsion yondashuv, kasbiy kompetentlikni rivojlantirish.

**Ключевые слова:** профессиональная компетентность, технология, технологические знания и навыки, современные технологии, интеграционный подход, развитие профессиональной компетентности.

**Key words:** professional competence, technological science, technological knowledge and skills, advanced technologies, an integrative approach, the development of professional competence.

**Kirisiw.** XXI ásir – Innovaciyalar hám sanlı texnologiyalar ásiri bolıp, bul process bilimlendiriw sistemasına da úlken tásir etpekte. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 29-apreldegi “Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw sistemasın 2030-jılǵa shekem rawajlandırıw Koncepciyasın tastıyıqlaw haqqında”ǵı PP-5712 sanlı Pármanında bilimlendiriw tarawına tisyisli áhmiyetli wazıypalar belgilendi [1]. Ulıwma bilim beriw mekteplerindegi “Miynet” páni “Texnologiya” páni dep ózgertilip, onıń mazmunı keńeytirildi, yaǵnıy innovaciyalıq texnologiyalar hám olardan nátiyjeli paydalanıw sıyaqlı wazıypalar boyınsha pán tarmaǵında úyreniliwi kerek bolǵan temalar zamanagóylestirildi hám jetilistirildi. Bunday sharayatta texnologiya páni arqalı oqıwshılarda texnikalıq pikirlew hám dóretiwshilik qatnastı, ámeliy kónlikpelerdi qáliplestiriw úlken áhmiyetke iye. Sonlıqtan, bolajaq texnologiya páni oqıtıwshılarınıń kásiplik kompetenciyasın rawajlandırıw bilimlendiriw sapasın arttırıwdıń tiykarǵı baǵdarlarınan biri esaplanadı. Jas áwladtı kishkene waqtınan miynetke úyretiw, fizikalıq belsendilikke, dóretiwshilik pikirlewge qızıqtırıw keleshekte jaqsı nátiyje beredi.

Texnologiya pániniń maqseti oqıwshılarda miynet mádeniyatı, kásipke baǵdarlaw, dóretiwshilik pikirlew hám ámeliy kónlikpelerdi qáliplestiriw arqalı olardı zamanagóy texnologiyalar menen tanıstırıw, turmısqa, óndiriske tayar shaxs sıpatında tárbiyalaw esaplanadı [2]. Bul pán oqıwshılardı tek ǵana qol miynetine úyretip qoymastan, al olardı dóretiwshi, juwapkershilikli, óz kásibin tańlay alatuǵın hám texnikalıq pikirlewge iye shaxs etip qáliplestiriwdi maqset etedi. Pánniń mazmunı oqıwshılardıń jası, fiziologiyalıq ózgesheliklerine qarap keńeyip, quramalasıp baradı. Máselen, 4-5-klaslar ushın “Texnologiya” sabaqlıqlarında oqıtıwshı texnologiya hám texnologiyalıq qurallar, texnikalıq konstrukciyalaw hám modellestiriw, robototexnika tiykarları, zamanagóy kásipler (dizayner, marketolog, interyer dizayner, injener programmist) haqqında, sonday-aq, eskiz, model, maket, modellestiriw, konstruktorlaw hám 3D ruchkalarda hár túrli ólshemdegi obyektlerdi jasaw sıyaqlı temalardı úyretiwi kerek boladı. Bunnan keyingi klasslarda da temalar hám oqıwshılar úyreniwi kerek bolǵan teoriyalıq hám ámeliy bilimler quramalasıp baradı. Mine, usınday jaǵdayda usı pán oqıtıwshısınan tereń bilim hám tájiriybelerdi, kásibine baylanıslı hár tárepleme bilim hám ámeliy kónlikpelerdi ózinde jámlegen kásiplik kompetentligi joqarı kadr bolıwdı talap etedi.

**Ádebiyatlar analizi.** Zamanagóy bilimlendiriw sistemasında oqıtıwshınıń roli tek bilim beriwshi emes, al jeke, sociallıq hám mádeniy qádiriyatlardı qáliplestiriwshi sıpatında da qaraladı. Bunday joqarı wazıypalardı tabıslı orınlaw ushın pedagogta zárúr kásiplik kompetenciya qáliplesken bolıwı shárt. Kásiplik kompetenciya – oqıtıwshınıń bilimlendiriw procesin nátiyjeli shólkemlestiriwi, oqıwshılar menen salamat qarım-qatnas júrgiziwi hám kásiplik iskerlikte turaqlı rawajlanıp barıwın támiyinlewshi kriteriya esaplanadı, yaǵnıy oqıtıwshınıń teoriyalıq bilimleri, ámeliy kónlikpeleri, kommunikativlik hám ádep-ikramlılıq pazıyletleri, innovaciyalıq iskerlikke tayarlıǵı, óz betinshe qarar qabıl etiw qábiletin qamtıp alıwshı quramalı sistemalı túsinik esaplanadı [3]. A.V.Xutorskiy “kompetentlik – tek bilim emes, al olardı turmıslıq iskerlikte qollay alıw qábileti”, dep atap ótedi [4].

Pedagoglardıń kásiplik kompetenciyaları hám olardı rawajlandırıw máseleleri boyınsha alıp barılǵan ilimiy jumıslar pedagogika tarawındaǵı izertlewlerdiń kópshilik bólegin quraydı. Atap aytqanda, rossiyalı ilimpaz L.V.Bayborodova kompetenciyalıq qatnas tiykarında pedagog kadrlar tayarlaw sistemasın jetilistiriw máselesin alǵa qoyıp, kompetenciyalıq qatnastı oqıtıwshılardı tayarlaw sistemasınıń orayına qoyadı [5]. Kásiplik kompetenciyanı qáliplestiriwde motivaciya, ózin-ózi ańlaw hám refleksiya mexanizmleriniń roli úlken ekenligin tiykarlaydı. Ol oqıtıwshınıń óz ústinde islewi ushın nátiyjeli metodlar sistemasın islep shıqqan. Demek, kásiplik kompetenciyanı rawajlandırıw mashqalası búgingi künge shekem ilimiy jumıslar orayında bolıp kelgen. Usı tiykarda zamanagóy bilimlendiriw sharayatında ayrıqsha kózqaras penen jumıs alıp baratuǵın texnologiya oqıtıwshılarınıń da ózine tán kásiplik kompetenciyaların anıqlap, olardı rawajlandırıw usılların úyreniw maqsetke muwapıq.

**Talqılaw hám nátiyjeler.** Oqıtıwshı pedagogikalıq processtiń belsendi qatnasıwshısı retinde ózinde bir qatar sıpatlardı jámlewi kerek. Mısal ushın, ol bárinen burın, qarım-qatnasta ashıq, ádepli, jaǵdaydı durıs bahalay alatuǵın, júzege kelgen mashqalalardı unamlı sheshe alatuǵın bolıwı kerek. Oqıwshılar, ata-analar hám kásiplesleri menen sóylesiwde óz pikirin tolıq hám anıq bayan etiwine itibar beriwi kerek. Olar menen sáwbette tek ǵana qolaysızlıqlar haqqında sóylew emes, al tabısların xoshametlewi, keleshektegi jetiskenliklerine jáne de isenim bildirip sóylewi olar menen jaqsı múnásibetke jol ashadı. Pedagogtıń sózlerinde ǵamxorlıq, doslıq múnásibet sezilip turıwı, sonday-aq, ilajı barınsha joqarı keypiyatta bolıwı kerek. Oqıtıwshı shaxsınıń usı talaplarǵa muwapıq keliwi, oqıwshılar, kásiplesleri hám ata-analar arasında abıray-mártebege erisedi.

Zamanagóy texnologiya páni muǵallimlerine tán bolǵan kásiplik kompetenciyalar qatarında eń dáslep texnologiyalıq

bilim hám kónlikpeler turadı. Oqıtıwshı oqıtıw procesinde temaǵa sáykes qayta islew usılları, texnikalıq sızılmalar, programmalıq támiynatlar menen islew, 3D modellestiriw hám basqa da texnologiyalıq bilim hám kónlikpelerge iye bolıwı shárt. Sebebi, sızılmalar, programmalar menen islew sıyaqlı joqarıdaǵı kónlikpelerdi tolıq bilmegen oqıtıwshı búgingi kúnniń zamanagóy hám qızıǵıwshı oqıwshıları aldında bilimsizligi sebepli húrmetin joǵaltadı.

Sonday-aq, zamanagóy oqıtıwshı óz iskerligine innovaciyalıq qatnasta bolıwı kerek, yaǵnıy kásiplik jumısında jańa texnologiyalardı, zamanagóy bilim beriw metodların, interaktiv qurallardı engiziw arqalı óz kompetenciyasın turaqlı rawajlandırıp barıwı hám sanlı texnologiyalardı qollay alıwı zárúr. Innovaciyalıq qatnas arqalı bilimlendiriwge, kásibine baylanıslı jańalıqlardı qabıl etiw hám qollanıw qábiletin rawajlandıradı, oqıwshılar menen nátiyjeli sóylese aladı, reflektivlik iskerligin kúsheytedi, yaǵnıy óz iskerligin tallaw, kemshilikleri boyınsha óz ústinde islewge beyimlesedi.

Zárúr kásiplik kompetenciyalar qatarında sociallıq hám kommunikativ kompetenciyalarda ayrıqsha áhmiyetke iye. Bul oqıtıwshınıń jámiyette, jámáátte hám kásiplik ortalıqta nátiyjeli sociallıq qatnasıqlar ornatıw, jámáátte ádep-ikramlılıq normalarına ámel etiw, birgelikte mádeniyatlı jumıs alıp barıwında kórinedi. Sonday-aq, oqıtıwshınıń awızeki hám jazba sóylesiwde anıq, túsinikli, empatikalıq hám shın kewilden bolıwı, ata-analar, kásiplesler menen nátiyjeli baylanıs ornatıw qábileti bolıp tabıladı. Bulardıń oqıtıwshı shaxsında bar ekenligi bilimlendiriw procesinde teńsalmaqlılıqtı saqlawǵa, sapanı arttırıwǵa hám insanıy qatnasıqlardıń unamlı qáliplesiwine tásir etedi.

Oqıtıwshınıń óz jumısında sanlı qurallar, internet resursları, multimediya texnologiyalarınan nátiyjeli paydalanıw qábileti hám tayarlıǵı onıń informacion-kommunikaciya texnologiyalarınan paydalanıw kompetenciyasın kórsetedi. Bul kompetenciya zamanagóy bilimlendiriw procesinde áhmiyetli orın tutadı, sebebi bilimlendiriw procesiniń sanlastırılıwı oqıtıwshıdan turaqlı innovaciyalıq qatnas hám texnologiyalıq tayarlıqtı talap etedi. Bunıń nátiyjesinde pedagogikalıq jumıs jeńillesedi, kásiplik básekige shıdamlılıq artadı. Óz ústinde isleytuǵın, texnologiyalardan paydalana alatuǵın (kompyuter grafikası, dizayn, platformalardan paydalanıw hám ámeliy joybarlar jaratıw hám t. b.) oqıtıwshıǵa miynet bazarında talap kúshli boladı.

Pedagogikalıq-psixologiyalıq ilimiy izertlew jumıslarında pedagoglardıń kásiplik kompetenciyaların rawajlandırıwǵa túrlishe qatnas júrgizilgen. Biz maqalada texnologiya oqıtıwshılarınıń kásiplik kompetenciyaların rawajlandırıw jollarına toqtalamız. Birinshide, texnologiya muǵallimleri ushın jaratılatuǵın oqıw baǵdarlamalarında teoriya hám ámeliyattıń úylesimliligi bolıwı, kóp pánli integraciya (fizika, matematika, miynet, dizayn hám t. b.) tiykarında bilim beriliwi kerek. Ekinshiden, ámeliyatqa qatań jantasıw zárúr, pedagogikalıq ámeliyatlarda mekteplerdegi laboratoriya sabaqlarında, óndiris penen birgeliktegi shınıǵıwlar arqalı studentlerdiń kásiplik potencialı rawajlandırıladı. Úshinshiden, innovaciyalıq texnologiyalardan turaqlı paydalanıw kerek. Robototexnika, 3D modellestiriw, sanlı ustaxana sıyaqlı innovaciyalıq qurallardı úyretiw arqalı texnologiya pánin tartımlı etip, zamanagóylik dárejesin arttırıw múmkin. Sonıń menen birge ustaz-shákirt dástúrlerine tiykarlanǵan mentorlıq sisteması arqalı tájiriybeli pedagoglar menen islesiw teoriyalıq hám ámeliy kónlikpelerdi bayıtadı.

Texnologiya oqıtıwshısı matematika, fizika, kórkem óner, pán hám texnika jańalıqlarınan bárqulla xabardar bolıwı, olardan orınlı paydalana alıwı menen bir qatarda pedagogqa tán kásiplik kompetenciyaların da turaqlı rawajlandırıp barıwı lazım. Sebebi, oqıwshılar, olardıń ata-anaları hám pedagogikalıq jámáát penen islewde sociallıq-kommunikativ kompetenciya (oqıwshılar, ata-analar hám pedagogikalıq jámáát penen nátiyjeli sóylesiw, birgelikte islew, oqıwshılarda jámáátte islew hám kásipke húrmet penen qatnas jasaw kónlikpesin qáliplestiriw), pedagogikalıq kompetenciya (oqıw baǵdarlamaları hám mámleketlik bilimlendiriw standartları tiykarında oqıtıw, sabaqta zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw, bahalaw kriteriyaların durıs qollay alıw), metodikalıq kompetenciya (oqıwshılarda erkin pikirlew, mashqalalardı sheshiw kónlikpelerin rawajlandırıw, kásipke baǵdarlaw hám miynet tárbiyası tiykarların úyretiw), informaciyalıq-kommunikaciyalıq kompetenciyası (kompyuter programmalarınan paydalanıw, interaktiv prezentaciyalar, elektron resurslar menen islew, sanlı texnologiyalar tiykarında joybarlar jaratıwdı úyretiw), shólkemlestiriwshilik-basqarıw kompetenciyası (miynet qáwipsizligi hám sanitariya qaǵıydaların biliw, olarǵa ámel etiw, sabaqtan tısqarı jumıslardı shólkemlestiriw, oqıw ustaxanaların shólkemlestiriw, ol jerde nátiyjeli jumıs alıp barıw), innovaciyalıq kompetenciya (zamanagóy texnologiyalardan paydalanıw, oqıwshılardıń innovaciyalıq oy-pikirin rawajlandırıw) sıyaqlı kásiplik kompetenciyaların jeke qábiletleri menen birgelikte alıp barıw oqıtıwshı iskerligin jáne de nátiyjeli etedi.

**Juwmaq hám usınıslar.** Basqa pánlerden parıqlı túrde "Texnologiya" páni uzaq múddetli yaǵnıy mektepke dáslepki qádemin qoyǵan 1-klass oqıwshılarınan baslap olar mektepti pitkergenge shekem hár bir klasta oqıtılıwı menen úlken áhmiyetke iye. Bul oqıtıwshınıń kásiplik tayarlıǵına jáne de tereńirek jantasıwdı kórsetedi. Sebebi, hárbir klastaǵı oqıwshılar menen baylanısta, tásir etiwde olardıń jasına baylanıslı fiziologiyalıq ózgesheliklerin de jaqsı biliwi kerek boladı.

Usı sıyaqlı táreplerdi esapqa alǵan halda, oqıtıwshılarda kásiplik kompetenciyanı rawajlandırıwǵa birneshe usıllardı usınıs etemiz:

- joybarlıq tálim usılı. Bolajaq texnologiya oqıtıwshıların, yaǵnıy studentlerdi kishi toparlarǵa bólip, olardı mashqalalı jaǵdaylar tiykarında texnologiyalıq jobalardı islep shıǵıwǵa baǵdarlaw;
- portfolio metodı. Studentlerdiń óz jeke jetiskenlikleri, dóretiwshilik jumısların portfolioǵa jıynap barıwı reflektivlik qatnastı qáliplestiredi, óz ústinde islewine túrtki beredi.
- kásiplik kompetentlikti rawajlandırıwǵa qaratılǵan, AKT, dizayn, óndiris texnologiyaları hám basqada tájiriybe arttırıwǵa baǵdarlanǵan seminar-treningler, vebinarlar shólkemlestiriw.

Juwmaqlap aytqanda, bolajaq texnologiya páni oqıtıwshılarınıń kásiplik kompetentligin rawajlandırıw – bul tek ǵana oqıtıwshınıń ózin emes, al jámiyettiń rawajlanıwın támiyinleytuǵın faktorlardan biri bolıp esaplanadı. Búgingi kúnde mámleketimizde bul baǵdarda keń kólemli reformalar alıp barılmaqta. Sonıń ushın, pedagogikalıq bilimlendiriw mákemeleri zamanagóy texnologiyalardı tereń iyelegen, dóretiwshilik hám innovaciyalıq pikirleytuǵın, erkin qarar qabıl ete alatuǵın texnologiya muǵallimlerin tayarlawdı óz aldına maqset etip qoyıwı zárúr.

**Ádebiyatlar**

1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2019-yil 29-apreldagi «O‘zbekiston Respublikasi Xalq ta’limi tizimini 2030-yilgacha rivojlantirish Konsepsiyasini tasdiqlash to‘g‘risida»gi PF-5712 son Farmoni.

2. Shomirzayev M.X. Texnologiya fanini o‘qitishning samaradorligini oshirish yo‘llari. – Toshkent: «Gold print nashr», 2019.

3. Azizxo‘jaeva N. Pedagogik texnologiya va pedagogik mahorat. – Toshkent: O‘zbekiston yozuvchilar uyushmasi Adabiyot jamg‘armasi nashriyoti, 2006.

4. Хуторский А.В. Компетенции в образовании: опыт проектирования: сб.науч.тр. – Москва: Научно-внедренческое предприятие «ИНЭК», 2007. – С. 327.

5. Байбородова Л.В. Компетентностный подход в профессиональной подготовке педагогов. // Педагогическое образование и наука. 2012, № 6. – С.18-23.



**REZYUME.** Maqolada bo‘lajak texnologiya o‘qituvchilariga xos kasbiy kompetentliklar va ularni rivojlantirishning asosiy yo‘llari va samarali usullari keltirilgan. Shuningdek, zamonaviy ta’lim jarayonida texnologiya fani o‘qituvchisidan talab etiladigan kasbiy tayyorgarlik darajalari, innovatsion yondashuvlar tahlil qilinadi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлены профессиональные компетенции будущих преподавателей технологий и основные пути и эффективные методы их развития. Также анализируются уровни профессиональной подготовки, инновационные подходы, требуемые от преподавателя технологий в современном образовательном процессе.

**SUMMARY.** The article presents the professional competencies of future technology educators and the main ways and effective methods of developing them. It also analyzes the level of professional training required from the teacher of technology in the modern educational process, innovative approaches.


## ПСИХОЛОГИЧЕСКАЯ ПОДДЕРЖКА ВОСПИТАТЕЛЕЙ, РАБОТАЮЩИХ С ДЕТЬМИ С ОГРАНИЧЕННЫМИ ВОЗМОЖНОСТЯМИ ЗДОРОВЬЯ В УСЛОВИЯХ ИНКЛЮЗИВНОГО ОБРАЗОВАНИЯ


**М.Ж.Абдуллаева –** *студентка*

**Ж.А.Бекманова –** *доктор философии педагогических наук*

*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*



**Таянч сўзлар:** инклюзив таълим, ЎИБ бўлган болалар, тарбиячилар, психологик ёрдам, эмоционал куйиш, психопрофилактика, профессионал фарованлик.

**Ключевые слова:** инклюзивное образование, дети с ОВЗ, воспитатели, психологическая поддержка, эмоциональное выгорание, психо профилактика, профессиональное благополучие.

**Key words:** inclusive education, children with disabilities, preschool teachers, psychological support, emotional burnout, psychological prevention, professional well-being.


**Введение.** Современное инклюзивное образование невозможно без качественной подготовки педагогов, готовых не только к реализации образовательных программ с учётом индивидуальных потребностей детей, но и к эмоционально устойчивому взаимодействию в условиях профессиональной нагрузки. Воспитатель, работающий с детьми с ограниченными возможностями здоровья (ОВЗ), оказывается в ситуации постоянного психоэмоционального напряжения. Отсутствие системной психологической поддержки приводит к профессиональному выгоранию, снижению мотивации и качества педагогической деятельности.

Актуальность темы обусловлена возрастающими требованиями к педагогам в связи с внедрением инклюзивной модели образования. Согласно данным исследований [3], [4], до 70% воспитателей в дошкольных организациях, работающих с детьми с ОВЗ, испытывают высокий уровень профессионального стресса. Причинами этого выступают неуверенность в своих силах, нехватка знаний о специфике нарушений развития, затруднённое взаимодействие с родителями детей с ОВЗ, а также эмоционально тяжёлые случаи в практике. Эти факторы формируют внутренние барьеры, мешающие продуктивной инклюзии.

**Литература и методология.** Психологическая поддержка воспитателей в таких условиях должна рассматриваться как обязательная составляющая профессионального сопровождения педагогов [5]. Речь идёт не только об оказании разовой помощи в критических ситуациях, но и о системной, многоуровневой работе, направленной на укрепление психологической устойчивости, формирование позитивного отношения к инклюзии, развитие навыков саморегуляции и эмоционального интеллекта.

Научные подходы к организации такой поддержки опираются на несколько ключевых принципов [6]:

- Комплексность, предполагающая сочетание индивидуального консультирования, групповой работы и обучения стресс-менеджменту;
- Психопрофилактика, направленная на предупреждение эмоционального истощения и выгорания;
- Профессиональное развитие, где психологическая устойчивость рассматривается как часть педагогической компетентности;
- Рефлексивность, позволяющая воспитателям осознавать и перерабатывать собственные переживания и трудности, связанные с инклюзивной практикой.

Для анализа использовались качественные методы — изучение и обобщение эмпирических данных, представленных в современных исследованиях, а также контент-анализ действующих нормативных документов и педагогической литературы. Использованы источники российских и узбекских авторов, исследующих профессиональное выгорание, психопрофилактику и эмоциональное благополучие педагогов, работающих в инклюзивной среде.